

Mete yon pwoteksyon figi nan espas piblik



Avètisman:

Pinga nou mete pwoteksyon figi sou jenn timoun ki poko gen 2 zan, nenpòt moun ki gen difikilte pou respire, ki gen yon andikap, oswa ki pa t ap ka retire mask la san yon moun pa ede li.

Kilè?

- Lè li pa posib pou kenbe yon distans fizik ak lòt moun nan espas piblik yo, pa egzanp lè w ap fè kous oswa lè ou nan transpò piblik. Si ou malad, rete lakay ou. Si ou bezwen ale nan yon klinik oswa lopital, ou ka mete pwoteksyon figi w la jiskaske yo ba ou yon mask medikal.

Poukisa?

- Kèk moun ki enfekte avèk COVID-19 pa gen okenn sentòm. Moun ka enfekte ak viris la epi yo menm pa konnen sa. Lè li mete yon pwoteksyon figi, sa ka redui risk pou yon moun ki enfekte ak viris la bay lòt moun li. Nou dwe pran lòt mezi pou pwoteje tèt nou an plis mete yon pwoteksyon figi nan piblik, tankou bonjan ijyèn ak distans fizik. Nou dwe mete ak netwaye pwoteksyon figi yo kòrèkteman.

Men kijan pou w mete yon pwoteksyon figi



1 Sèvi ak yon men pou mete pwoteksyon figi a sou nen ou ak bouch ou. Sèvi ak lòt men an pou fikse elastik oswa fisèl pwoteksyon figi a dèyè zòrèy ou.



Lave men ou ANVAN epi APRE ou fin itilize pwoteksyon figi a.



2 Ranje pwoteksyon figi a sou nen ou.



Chanje pwoteksyon figi ou a kou li vin mouye, sal oswa chire.



3 Ranje pwoteksyon figi a anba manton ou.



Pinga ou pandye pwoteksyon figi a nan yon zòrèy oswa nan kou w. Kenbe li sou figi ou epi evite manyen li. Si ou manyen pwoteksyon figi w la pandan li sou figi ou, lave men ou san pèdi tan.



Se sèlman elastik oswa fisèl la pou w manyen lè w ap retire pwoteksyon figi a - piga ou manyen pati devan an.




Pliye pati deyò pwoteksyon figi a epi mete li nan yon sache ki pwòp. Lave pwoteksyon figi w la kou w rive lakay ou ak rès lesiv ou yo.

Yon pwoteksyon figi pa ranplase:



Lave men ou




Distans fizik



Izolasyon nan kay si w malad

COVID-19–Kreye pwòp pwoteksyon figi ou



- Ou ka kreye yon pwoteksyon figi byen fasil ak bagay ou deja genyen lakay ou. Si sa posib, sèvi ak twal ki sere ak soup tankou koton, ki pèmèt lè antre ak soti lè w ap respire. Sèvi ak omwen de (2) kouch twal epi asire w pwoteksyon figi a konfòtab epi li chita sou figi ou byen. Ou dwe kapab lave epi seche pwoteksyon figi ou an san li pa chire. Gen plizyè fason ou ka kreye yon pwoteksyon figi an twal.


Men de (2) fason senp:

Ou pa bezwen koud


Ak twal

- Mouchwa (oswa moso twal kare, 50 pa 50 santimèt)
- Elastik
- Sizo (si sa nesèsè)


Etap yo




Pliye mouchwa a an mwatye.




Met pati anwo a ak pati anba a nan mitan.



Mete elastik yo yon distans apeprè 15 santimèt youn ak lòt.



Pliye kote yo nan mitan yo epi foure yo anndan.



Adjust so the face covering fits snugly over your face.




Ranje pwoteksyon figi ou a pou li ka chita byen sou figi ou.

Ou bezwen koud


Ak twal

- De (2) moso twal rektang, 25 pa 15 santimèt
- De (2) moso elastik, 15 santimèt (oswa fisèl)
- Zegwi oswa zepeng cheve
- Fil
- Sizo


Etap yo




Koupe de (2) rektang twal 25 pa 15 santimèt la. Mete moso twal yo youn sou lòt epi koud yo ansanm.



Pliye kote ki long yo sou 0.5 santimèt epi bay yo woulèt. Apres a pliye kouch doub twal la sou 1 santimèt sou kote ki kout la epi koud.



Pase yon elastik nan 15 santimèt longè ak 0.3 santimèt lajè nan woulèt la sou kote ki kout nan pwoteksyon figi a. Sa yo pral bouk pou zòrèy yo. Sèvi ak yon gwo zegwi oswa zepeng cheve pou pase nan woulèt yo. Sere bout yo byen sere. Si ou pa gen elastik, ou ka itilize fisèl epi fè moso yo pi long pou w mare dèyè tèt ou.



Rale elastik la dousman pou ne yo ka antre anndan woulèt la. Rasanble kote pwoteksyon figi a sou elastik la epi ranje li pou pwoteksyon figi a tonbe byen sou figi ou. Apres a koud elastik la nan plas pou anpeche li glise.

Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention), Sant pou Iminizasyon ak Maladi Respiratwa (National Center for Immunization and Respiratory Diseases, NCIRD), Divizyon Maladi Viral. Itilize Pwoteksyon Figi an Twal Pou Kwape COVID-19 (Use of Cloth Face Coverings to Help Slow the Spread of COVID-19) disponib gratis nan: <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/prevent-getting-sick/diy-cloth-face-coverings.html>